



Pou Piblikasyon Imedya: 21/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO BAY PLIS PASE 6 MILYON DOLA POU
KONSÈVE PLIS PASE 809 EKTA FÈM AGRIKÒL NAN NEW YORK PANDAN
SEMÈN KLIMA A**

***8 Pwojè atravè eta a ap konsève plis pase 809 ekta teren agrikòl ki rantab atravè
pwogram pwoteksyon fèm agrikòl la***

***Yo te pwoteje 44,698 ekta jiska prezan, ki apiye etap enpòtan 40,469 ekta ki te
anonse nan kòmansman ane sa***

***Yo toujou ap resevwa aplikasyon pou faz 19 la, òganizasyon ki kalifye yo ka
aplike [isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a pandan Semèn Klima a, ke yo bay plis pase 6 milyon dola pou ranfòse sektè agrikòl New York la atravè pwogram Sibvansyon pou Mizannèv Pwoteksyon Fèm Agrikòl yo (Farmland Protection Implementation Grants). 8 pwojè yo bay yo ap pwoteje yon total 815 ekta tè ki gen anpil valè, k ap ede kenbe teren agrikòl ki an pwodiksyon epi asire dirabilite alontèm operasyon agrikòl New York yo, epi pwoteje potansyèl Eta a pou konsèvasyon kabòn sou teren agrikòl sa yo k ap favorize kapasite Eta a pou reponn ak objektif klimatik yo.

"Lè nou pwoteje teren agrikòl eta nou an, sa se yon eleman enpòtan, pa sèlman pou pwoteje anviwònman nou an, men tou pou konsève kapasite sektè agrikòl eta a pou jenerasyon k ap vini yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwogram sa bay kiltivatè yo sipò yo bezwen pou konsève teren yo pandan y ap devlope opòtinite mache a pou yo ka kontribye pou pwodui epi vann kèk nan manje, bwason, ak pwodui pi bon kalite nan peyi a ki soutni kominote nou yo. Mwen fyè ke nou te bay finansman sa pou tèlman anpil fèm ki defavorize, k ap ede pwoteje teren agrikòl yo pou ane k ap vini yo pandan n ap fè pwogrè nan objektif klimatik eta nou an."

"Agrikilti se fondman ekonomi New York epi nou dwe asire ke teren agrikòl nou yo prezève," **Gouvènè Adjwen an Antonio Delgado te deklare.** Mwen fyè pou rejwenn Gouvènè Hochul pou anonse finansman enpòtan sa, k ap pèmèt kiltivatè New York nou yo konsève pwodiksyon aktyèl yo, pandan y ap founi nouvo opòtinite ekonomik tou".

Sa se 19yèm Faz nan pwogram Pwoteksyon Fèm Agrikòl Eta a. Ane pase, pou premye fwa, pwogram lan te bay finansman pou pwojè pou sipòte priyorite Eta yo – tankou sekirite alimantè, rezistans klimatik, ak pwoteksyon sous dlo – epi li te elaji kritè pou kalifye pou pwogram lan ki antre sektè agwoforèstri, ekitasyon, ak diven. Anplis de sa, kritè elijiblite pou pwogram nan te elaji ankò, kounye a gen ladan twa nouvo kategori: rekòt jaden, bèt oswa pwodwi pou bèt, ak aksè ak tè agrikòl. Aksè nan teren agrikòl yo gen objektif pou ede adrese defi kontinyèl yo espesyalman, ke nouvo kiltivatè yo ak sila k ap debite yo ak kiltivatè k ap pran retrèt yo ap fè fas nan zòn sa a.

Se Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets) Eta New York k ap administre Pwogram Sibvansyon pou Mizannèw Pwoteksyon Fèm Agrikòl yo ak opòtinite ki asosye pou sibvansyon li yo. [Yo aksepte aplikasyon pou sibvansyon an sou von baz kontini, jiskaske yo bay tout fon yo.](#)

Pwojè sa yo se premye pwojè y ap atribye pou 19yèm faz finansman an:

Rejyon Kapital: (3,256,567 dola pou 388 ekta):

- Agricultural Stewardship Association (Konte Rensselaer) - 812,340 dola pou pwoteje 129 ekta avèk 80% teren pwodiktif sou Gibson Family Farms II (Betay oswa kategori pwodwi betay)
- Saratoga PLAN (Konte Saratoga) – 690,258 dola pou pwoteje 64 ekta avèk 36% teren pwodiktif sou Drummland Farm (Teren agrikòl dirab - Lòt kategori)
- Agricultural Stewardship Association (Konte Rensselaer) - 638,205 dola pou pwoteje 132 ekta avèk 69% teren pwodiktif sou Edgewood Farm (Kategori rekòt jaden)
- Saratoga PLAN (Konte Saratoga) – 565,276 dola pou pwoteje 32 ekta avèk 77% teren pwodiktif sou Betterdays Farm (Kategori rezistans klimatik)
- Saratoga PLAN (Konte Saratoga) – 550,488 dola pou pwoteje 31 ekta avèk 59% teren pwodiktif sou Two Lions Farm (Kategori ekitasyon)

Finger Lakes (2,872,320 pou 406 ekta):

- Genesee Valley Conservancy (Konte Genesee) – 1,133,605 dola pou pwoteje 154 ekta avèk 81% teren pwodiktif sou Stein Farms 1 (Teren agrikòl dirab - Lòt kategori)
- Genesee Valley Conservancy (Konte Genesee) – 1,738,715 dola pou pwoteje 252 ekta avèk 88% teren pwodiktif sou Stein Farms 2 (Teren agrikòl dirab - Lòt kategori)

Rejyon Lwès New York (119,220 dola pou 22 ekta):

- Western New York Land Conservancy (Konte Niagara) – 119,220 dola pou pwoteje 22 ekta avèk 89% teren pwodiktif sou Tower Farm (Kategori rekòt espesyalize)

Komisè Agrikilti Eta a, Richard A. Ball, te deklare, "Fèm agrikòl, se youn nan resous natirèl ki pi enpòtan ke nou genyen. Pwogram Pwoteksyon Fèm Agrikòl la pa sèlman ede nou prezève teren ak sòl ki rich nou yo, men tou l ap ede agrikiltè yo kontinye aktivite yo, pwoteje fason yo viv, epi kontinye mete manje sou tab pou Nouyòkè ak moun toupatou nan monn lan. Mwen felisite tout benefisyè yo dèske yo patisipe nan pwogram sa k ap ede nou reponn ak objektif klimatik nou epi konsève peyizaj travay nou ajamè pou jenerasyon kiltivatè k ap vini yo."

Prezidan Komite Agrikilti Sena a, Senatè Eta a Michelle Hinchey, te deklare, "Fèm agrikòl New York yo se baz apwovizyonman manje nou, epi lè nou fè de sa yon priorite pou Eta a pou prezève li de presyon devlopman yo, sa ap asire ke kiltivatè yo kontinye kiltive manje nou, ranfòse sistèm alimantè lokal yo, planifye pou lavni epi jwe yon wòl konplè nan konba nou kont Kriz klimatik la. Pwogram Sibvansyon Mizannè Pwoteksyon Teren Agrikòl la se yon inisyativ konsèvasyon ki vital ki te prezève plizyè milye ekta teren agrikòl ki vilnerab nan fason pèmanan. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman li pou sipòte agrikilti New York la epi mwen felisite tout fèm lokal yo ki te resevwa prim finansman pou pwoteje sòl k ap kiltive manje yo kounye ak pou jenerasyon fiti yo ka benefisyè".

Prezidan Komite Agrikilti Asanble a, Manm Asanble Donna Lupardo, te deklare, "Angajman alontèm New York pou pwoteksyon fèm agrikòl yo kontinye ak dènye faz sibvansyon FPIG sa. Lè yo elaji kalifikasyon pou pwogram lan pou ajoute aksè pou teren agrikòl, sa ap ede nouvo kiltivatè ak sila k ap pran retrèt yo konsève teren nan pwodiksyon agrikòl. Felisitasyon pou tout pwojè ki finanse yo; efò nou ap ede Eta NY konsève apeprè 809 ekta teren agrikòl presye. Epi mèsè a Gouvènè Hochul ak tout patnè nou yo ki te angaje nan sante ak vitalite agrikilti NY".

David Fisher, ki se Prezidan Biwo Fèm Agrikòl New York (New York Farm Bureau, NYFB) la, te deklare, "Teren agrikòl New York se yon resous enpòtan ki dwe pwoteje kont devlopman ki anvayisan. Depi li pèdi, li raman retounen nan pwodiksyon, ki se yon pèt pou apwovizyonman manje eta nou an. Pèspektiv ouvè ak benefis anviwònmanal yo kontribye tou nan kalite lavi an jeneral pou tout Nouyòkè yo. New York apresye angajman kontini Gouvènè Hochul pou pwogram prezèvasyon teren agrikòl la ki bay motivasyon ki nesèsè pou sipòte dirabilite alontèm yon fèm."

Direktè Politik American Farmland Trust (AFT), Mikaela Perry, te deklare, "Pwoteksyon fèm agrikòl se yon zouti ki enpòtan anpil nan konba nou kont chanjman klimatik la. Fèm ki pwoteje yo sèbi kòm yon fondasyon pou kiltivatè yo garanti teren an ak pratik klima ki entelijan ki ka benefisyè tout Nouyòkè avèk manje lokal ki fre, teren ki an sante, ak dlo ak lè pwòp. AFT bat bravo pou agrikiltè, fidisi fonsye, ak Eta

New York pou angajman yo nan pwoteksyon teren epi li pa ka tann pou kontinye patenarya pou konsève teren ki disponib pou jenerasyon alavni yo."

Pwogram Sibvansyon Mizannèw Pwoteksyon Teren Agrikòl la bay asistans finansyè pou konte, minisipalite, distri konsèvasyon sòl ak dlo, ak fidisi fonsyè yo pou pèmèt yo mete anplas aktivite pwoteksyon tè agrikòl ki konfòm avèk plan pwoteksyon tè agrikòl ak agrikilti lokal yo. Aktivite ki pi souvan finanse se acha dwa devlopman nan fèm endividyèl yo. Men, pwogram nan kapab bay finansman tou pou pèmèt lòt aktivite mizannèw, tankou amandman lwa lokal ki afekte agrikilti yo, akò opsyon, epi kouvri depans tranzaksyon pou dwa pasaj konsèvasyon agrikòl yo bay yo.

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York

Anba lidèchip Gouvènè a, Eta New York kontinye nan tèt nasyon an avèk pwogram solid li a nan zafè klima ak enèji pwòp. Kòm yon pati nan pi gwo inisyativ klima Eta a, plizyè pwogram agrikòl ki administre atravè Depatman Agrikilti ak Mache a ede pwoteje kalite dlo nan fèm yo ak prezève tè agrikòl yo. Envestisman prensipal Eta New York nan enfrastrikti dlo pwòp totalize 5 milya dola depi 2017. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Bidjè 2023-24 adopte a gen ladan 500 milyon dola nan finansman dlo pwòp, ki gen ladan sipò kontinyèl pou Pwogram Agrikilti ki Rezistan a Klima (Climate Resilient Farming, CRF), anplis Pwogram Sous Polisyon Agrikòl Dispèse a, ki toulede bati sou efò eta a pou bay pwoteksyon istorik pou kalite dlo. Pwogram CRF ak Sous Polisyon Agrikòl Dispèse a sèvi kòm yon eleman nan kad Jesyon Anviwònmantral Agrikòl (Agricultural Environmental Management, AEM) la, ki se yon efò ki pi global k ap ede kiltivatè yo reyalize pi bon kalite pwoteksyon anviwònmantral ak sistèm agrikòl ki pi efikas ak pi rantab.

Anplis de sa, Depatman an se fè pati entegral nan Konsèy Aksyon Klimatik Eta a, ki te fèk fini yon seri sesyon kòmantè piblik sou [Plan Kadraj](#) li a. Plan Kadraj la ap sèvi kòm fondasyon pou fason New York pral redwi emisyon gaz a efè sè epi atenn emisyon nèt zewo, ogmante itilizasyon enèji renouvlab, epi asire tout kominote yo benefisye yon fason ekitab nan tranzisyon enèji pwòp.

Nan mwa septanm 2022, inisyativ Eta New York la, NYS Connects: Pwojè Fèm ak Forè ki Entelijan fas ak Klima a (Climate Smart Farms and Forests) te resevwa tou 60 milyon dola sibvansyon nan kad opòtinite finansman pou Patenarya pou pwodui debaz ki entelijan fas ak klima Depatman Agrikilti Ameriken (U.S. Department of Agriculture, USDA) an. Pwojè a, ke Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral (Department of Environmental Conservation, DEC) ak Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets) Eta a dirije, se youn nan 70 pwojè yo chwazi sou plan nasyonal pou resevwa finansman federal pou ede ankouraje pwopriyetè agrikòl ak forè yo adopte pratik ki entelijan fas ak klima epi konekte pwodui agrikòl ak forè yo ak konsomatè yo atravè devlopman mache a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418